# Shımbaylı diyqanlardıń qırmanı bálent

Image not found or type unknown

Awıl-xojalıq tarawındaǵı jumıslardıń sapalı júrgiziliwi hám diyqanlardıń mashaqatlı miynetleri arqasında mol qırman úyildi.

Búgin rayon fermerleri mámleketke tapsırılatuǵın paxta shártnamasın tolıǵı menen orınladı.

2021-jıl paxta jıyım-terim mapazı ushın puqta tayarlıq kórilip, bul boyınsha sistemalı jumıslar ámelge asırıldı. Erte báhárden tábiyat ınjıqlıqlarına qaramay egislik jer maydanlarına tuqım sewgen diyqanlar óziniń mol tájiriybesi, mashaqatlı miynetiniń jemisi bolǵan daqılların sepsitpey jıynap aldı.

Bıyılǵı jıyım-terim mapazına jumıssız hám waqtınsha bánt bolmaǵan xalıqtan ibarat terim otryadları dúzilip, olardı máwsimli jumısqa qabıllawda fermer xojalıǵı menen puqaralıq huqıqıy shártnamalar dúzildi.

Paxta maydanlarında hadal miynet etip, elimiz qırmanına úles qosıp atırǵan diyqanlar hám awıl-xojalıq xızmetkerlerine tereń minnetdarshılıq bildiremiz. Atız maydanlarında erte báhárden miynet etip, mol qırman úyiwge bel baylaǵan diyqanlarımızdıń gúzgi jıyım-terim mapazında niyeti ámelge astı.

Qırmanıńız bálent bolsın áziyz diyqanlar!